

Sa Ou Bezwen Konnen: Rekòmansman Enspeksyon Nan Kay

Release Date: Jul 28, 2023

Apati 1ye jen 2022, FEMA te rekòmanse verifikasyon pèt katastwòf yo te koze atravè enspeksyon kay an pèsòn. Yo te itilize plizyè metòd vityèl pou enspekte kay sivivan yo akòz pandemi COVID-19 la. Sante ak sekirite sivivan katastwòf yo rete priyорite FEMA, se poutèt sa ajans lan pral kenbe kapasite pou fè enspeksyon san yo pa antre nan kay yo. Lè sivivan yo pè, akòz ensètitid COVID-19 k ap kontinye, oswa lè otreman yo pa kapab antre nan kay la, FEMA pral suiv konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi pou fè yon validasyon eksteryè kay la ki gen ladan itilizasyon distans sosyal ak ekipman pwoteksyon pèsònèl.

Planifye Enspeksyon An

Yon enspeksyon kay FEMA se yon pati nan pwosesis pou verifye domaj ak pèt katastwòf ki te koze, epi tou li ede detèmine opsyon asistans federal ki disponib pou aplikan yo.

Tipikman, apre yon sivivan aplike pou asistans pou katastwòf, yon enspektè FEMA pral kontakte yo nan kèk jou pou pran yon randevou. Nan kèk ka, yo ka kontakte yon aplikan menm jou yo aplike a, men anjeneral pa plis pase 10 jou apre yo fin aplike. Nimewo telefòn enspektè a ka soti nan yon lòt eta oswa parèt sou ID moun kap rele kòm "unavailable".

Pou pwoteksyon sivivan an, enspektè a ka mande sivivan an pou verifye enfòmasyon pèsònèl idantifyab (PII) nan telefòn.

Lè enspektè FEMA a rele, ekri:

- Non enspektè a
- Dat apèl la
- Dat ak lè randevou an
- Nimewo telefòn enspektè an



FEMA

Page 1 of 4

Enspektè a pral eseye kontakte twa fwa nan diferan jou ak nan diferan lè nan jounen an pou pran yon randevou pou fè enspeksyon an. Si yo pa ka jwenn sivivan an pou fikse yon randevou pou enspeksyon an, y ap voye yon lèt ak/oswa imèl nan adrès yo bay nan moman aplikasyon an.

Si yon enspektè lakay FEMA kontakte li men pèsonn nan kay la pa aplike pou asistans FEMA pou katastwòf, moun nan ta dwe enfòme enspektè a ke li pa t aplike pou asistans FEMA epi mande enspektè a pou l retire aplikasyon an. Moun nan ta dwe notifye FEMA tou dirèkteman lè li kontakte Liy Èd FEMA a nan 800-621-3362, oswa lè li vizite yon Sant Rekiperasyon pou Katastwòf FEMA.

Pandan Enspeksyon an

An jeneral, yon enspeksyon tipik pran 45 minit pou li fèt, depandaman de nivo domaj yo. Enspeksyon yo kapab fèt sèlman si yon aplikan oswa ko-aplikan an kapab rankontre ak enspektè a. Sivivan an ka envite yon lòt moun tankou yon moun nan kay la, yon fanmi oswa yon zanmi, pou ede kominike ak enspektè a.

- Si aplikan an oswa ko-aplikan an pa kapab rankontre yon enspektè, yo ka deziyen yon twazyèm pati alekri epi bay otorizasyon davans anvan lè ak dat randevou a.
- FEMA pa janm fè moun peye pou yon enspeksyon. Enspektè a pap janm mande enfòmasyon bank.

Enspektè FEMA ap pran nòt de domaj ki te lakoz akoz de katastwòf la yo. Enspektè a pa kapab detèmine si yon sivivan kalifye pou asistans.

- Pandan enspeksyon an, enspektè a pral eseye verifye non aplikan an, adrès, enfòmasyon kontak, lokatè ak sitiyasyon pwopriyetè, ak kouvèti asirans.
- Enspektè a pral mache nan tout kay la pou evalye kondisyon no zòn ki domaje ak zòn ki pa domaje, li ap pran nòt de domaj ke dezas te lakoz nan pwopriyete reyèl (estriktirèl) epi li pral fè yon envantè konplè sou tout pwopriyete pèsonèl esansyèl ki domaje ak ki pa domaje (aparèy, mèb), elatriye).
- Enspektè a pral poze kesyon sou pèt ak depans keyon katastwòf te lakoz ki gen ladan depans medikal, depans demenajman ak depo, atik yo te achte an repons a katastwòf la, inifòm, founiti, ak zouti ki nesesè pou lekòl oswa travay.
- Enspektè pa pral monte sou do kay oswa antre nan espas kwense.



FEMA

Page 2 of 4

- Yo ka pran foto enteryè ak eksteryè kay la pandan pwosesis enspeksyon an.
- Nan sitiyasyon kote kay la pa aksesib, enspektè a ka rankontre ak sivivan an nan yon lòt kote pou verifye idantite, lokatè ak/oswa pwopriyetè.
- Si ou sispèk yon enspektè pa moun yo di li ye, di yo pou yo deplase imedyatman epi rele lapolis lokal yo.

Si FEMA pa kapab verifye ke aplikan te pwopriyetè kay la an anvan katastwòf la oswa ke li t ap viv ladan li(rezidans) anvan enspeksyon an, enspektè a ap bezwen mande pou wè dokiman yo, swa an pèsòn oswa nimerik, bay prèv lwave ak/oswa pwopriyetè a. Egzanp dokiman verifikasyon akseptab yo enkli yon papye kay/tit oswa prèv asirans pou pwopriyetè, yon bòdwo sèvis piblik oswa kat kredi, lisans chofè, oswa kat anrejistrem an elektè, oswa bòdwo taks sou pwopriyete.

Tanpri sonje: Sivivan yo ka resevwa yon vizit nan men plis pase yon enspektè tankou yon enspektè Kontwòl Kalite FEMA oswa reprezantan ki soti nan Administrasyon Ti Biznis Etazini (SBA) oswa moun ki fè ajisteman nan Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon.

Pou asire komunikasyon efikas, akomodasyon rezonab ki gen ladan tradiksyon lang ak entèprèt ASL pral disponib pou asire komunikasyon efikas ak sivivan ki gen konpetans limite nan angle, sivivan ki gen andikap, ak lòt moun ki gen aksè ak bezwen fonksyonèl.

Si sivivan yo sèvi ak yon sèvis relè vidéyo, sèvis telefòn ki gen tit, oswa lòt sèvis komunikasyon, tanpri bay FEMA nimewo espesifik yo asiyen pou sèvis sa a. Si w ap kominike atravè Zoom oswa FaceTime, aplikan an oswa ko-aplikan an ka mande yon entèprèt atravè FaceTime oswa yon entèprèt ak soutitraj atravè Zoom.

Apre Enspeksyon

Enfòmasyon yo kolekte pandan enspeksyon an se sèlman youn nan plizyè kritè FEMA itilize pou detèmine kalifikasyon yon sivivan pou asistans. Si w gen kesyon apre enspeksyon w la, tanpri rele Liy Èd FEMA a nan 800-621-3362.

Si yo detèmine sivivan an elijib, FEMA ap fè yo konnen nan 7 a 10 jou apre enspeksyon an. Y ap voye yon lèt detèminasyon FEMA ki espesifye detay asistans ki elijib yo. Pou resevwa mizajou ak notifikasiyon pi vit, sivivan yo ka kreye yon kont DisasterAssistance.gov sou Entènèt apre yo fin aplike pou



FEMA

Page 3 of 4

asistans FEMA.

FEMA voye lajan ki apwouve pa depo dirèk nan kont chèk oswa kont epay yo bay pandan pwosesis aplikasyon an oswa li pral voye yon chèk pa lapòs. Sivivan yo dwe sèvi ak lajan an pou objektif li yo, jan yo eksplike sa nan lèt la epi kenbe dosye ak resi pou omwen twazan, ki montre kouman yo te itilize lajan yo pou rekiperasyon dezas. Gen plizyè kategori asistans, epi li posib pou kalifye pou plis pase youn.

Si sivivan an pa apwouve pou asistans pou atik espesifik, sa pa nesesèman vle di ke atik yo pa te nan enspeksyon an. Si yo kapab demonstre FEMA ke te gen domaj ki te koze pa katastwòf ki te elijib ki depase domaj ki te anrejistre nan enspeksyon yo, gen yon pwosesis pou fè apèl kont detèminasyon FEMA a. Pwosesis pou fè apèl kont detèminasyon FEMA a eksplike nan lèt detèminasyon FEMA bay la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis apèl la, vizite [Kouman pou mwen fè apèl kont desizyon final la?](#).



FEMA

Page 4 of 4